

# **NERAPKEUN MODEL *PROBLEM BASED LEARNING* PIKEUN NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR MURID**

(Penelitian Tindakan Kelas Dina Tema Babaturan Sabudereun Urang Subtema  
Ngarubah Sabudereun Dilaksanakeun di Kelas V SDN Pameungpeuk 1  
Kecamatan Pameungpeuk Kabupaten Bandung)

**Ku**  
**AMBAR NURUL FADILLA**  
**135060305**

## **RINGKESAN**

Kasang tukang tina penelitian ieu nyaeta aktivitas guru dina ngajar nu masih ngagunakeun model konvensional nu musatkeun proses diajar aya di guru (*teacher center*) nu matak nyebabkeun hasil diajar siswa janten kirang. Tujuan penelitian ieu kangge ngaronjatkeun sikep taliti, kerjasama, tanggung jawab, sareng hasil diajar siswa dina aspek pengetahuan boh dina aspek katerampilan dina pembelajaran tematik tema Babaturan Sabudereun Urang subtema Ngarubah Sabudereun. Penelitian ieu ngagunakeun metode penelitian tindakan kelas nu mangrupa tina tilu siklus. Subjek penelitian ieu nyaeta siswa kelas V SD Negeri Pameungpeuk 1, nu jumlahna 27 urang siswa 11 siswa sareng 16 urang siswi. Hasil penelitian siklus I dina aspek sikap taliti, kerjasama, sareng tanggung jawab siswa condong kana kategori mulai terlihat (MT). Dina siklus II condong kana kategori mulai berkembang (MB). Dina siklus III sikap siswa condong kana kategori membudaya (M) tina kaseluruhan jumlah siswa. Hasil diajar siswa dina aspek pengetahuan siklus I siswa nu tuntas tina KKM jumlahna 11 urang atawa 40%, siswa nu teu tuntas jumlahna 16 urang atawa 59%. Dina siklus II siswa nu tuntas tina KKM jumlahna 19 urang atawa 70%, siswa nu teu tuntas jumlahna 8 urang atawa 29%. Dina siklus III siswa nu tuntas tina KKM jumlahna 27 urang atawa 100%. Dina aspek katerampilan siklus I siswa lewih condong kana kategori cukup (C). Dina siklus II keterampilan siswa lewih condong kana kategori baik (B). Dina siklus III keterampilan siswa lewih condong kana kategori sangat baik (A). Kacindekan tina ieu penelitian nyaeta pamakean model *Problem Based Learning* berhasil ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina pembelajaran tematik tema babaturan sabudereun urang subtema Ngarubah Sabudereun.

**Kecap Konci :** Model *Problem Based Learning*, Hasil diajar.